



## APLIKASYON

**Soutyen pou Sivivan Vyolans Domestik ak Vyolans Seksyèl ki Soti nan Pwogram Popilasyon Ki Espesifik sou Plan Kiltirèl yo nan Lwa sou Plan Sekou Etazini an**

<b>Non Donatè a:</b> UJIMA, Inc.: Sant Nasyonal sou Vyolans Kont Fanm nan Kominote Nwa a	
<b>Peryòd Reyalizasyon Pwogram nan:</b> 15 Novanm 2022 – 15 Dawout 2025	
<b>Demann pou Tip Aplikasyon:</b> Demann Inisyasyon pou Aplikasyon	<b>Non Ajans Federal Atribisyon an:</b> ACF/FYSB Biwo Sibvansyon Diskresyonè
<b>Tip Asistans:</b> Finansman Sibvansyon Federal	<b>Nimewo Idantifikasyon Atribisyon Federal Inik:</b> 90EV0555-01-00
<b>Nimewo Lis Asistans:</b> 93.496	<b>Otorite Legal:</b> Lwa 2021 sou Plan Sekou Ameriken an (P.L. 117-02)
<b>Sitasyon pou Lwa ki Bay Otorizasyon an:</b> 45 CFR Pati 75 ak 45 CFR Pati 87	<b>Ajans Finansman:</b> Depatman Sèvis Sante ak Sèvizimèn
<b>Demann Finansman pou Aplikasyon:</b> 10 Oktòb 2022	<b>Montan Finansman:</b> <b>\$5,280,000</b>
<b>Nimewo Atribisyon:</b> 17	<b>Klasman Atribisyon:</b> \$25,000 jiska \$175,000
<b>Tip Sou Atribisyon:</b> Sibvansyon Kontinyasyon Diskresyonè 3 Lane	<b>Dat Piblikasyon:</b> 9 Septanm 2022 <b>Dat Fèmti:</b> 30 Septanm 2022
	<b>Lè Fèmti:</b> 11:59 pm Lè Estanda Lès Etazini

**Deskripsyon Pwogram nan:** Sipò BCP pou Sivivan Vyolans Domestik ak Vyolans Seksyèl ki Soti nan Pwogram Popilasyon Ki Espesifikman Kiltirèl yo bay aktivite ki kiltirèlman espesifik pou sivivan vyolans seksyèl yo pou abòde bezwen emèjan ki soti nan pwopagasyon viris COVID-19 la ak pou ankouraje devlopman patenarya estratejik ak kolaborasyon nan reponn ak enkyetid sante piblik yo pou sivivan vyolans seksyèl ak vyolans domestik yo. Sipò ak asistans yo vize bay popilasyon yo pa mwayen fon sa yo se popilasyon ki viktim vyolans seksyèl ak vyolans domestik yo nan kominote nwa a. Kominote Nwa antanke Dyaspora Afriken nan sans ki pi laj li a, tankou, Ameriken Nwa (desandan esklav Ozetazini); Imigran Afriken, refijye, ak moun ki gen dwa azil; Afwo-Karibeyen; ak Afro-Latino.



## Tabdèmatyè

I. APÈSI	4
II. AKTIVITE PWOGRAM POU BENEFISYÈ	5
III. AKTIVITE AK BYEN KI PA ELIJIB YO	6
IV. KRITÈ ELIJIBLITE	7
V. FÒMA AK APLIKASYON KI EGZIJE AK KONTNI	8
Egzijans Videyo: 10 pwen	9
Paj Kouvèti	9
Tabdèmatyè	9
Pati A. Ekspoze Pwogram nan: 70 pwen	10
Pati B. Kalandriye: 5 pwen	11
Pati C. Bidjè ak Ekspoze Bidjè a: 15 pwen	11
VI. ATACHMAN	14
VII. KALANDRITE AK PWEN KONTAK	14
VIII. KRITÈ EVALYASYON	15
VIII. KESYON, KLARIFIKASYON AK CHANJMAN	15
IX. RÈGLEMAN FEDERAL AK EGZIJANS SÈTIFIKASYON	16
X. UJIMA Kontak	17

## I. APÈSI

"Ujima," ki vle di Travay Kolektif ak Responsablite. Prensip sa a enpòtan anpil pou abòde vyolans kont fanm Nwa Ozetazini. Ujima, atravè edikasyon ak sansibilizasyon li, fòmasyon ak asistans teknik, devlopman resous, rechèch, ak efò politik piblik, mobilize nan kominote Nwa ak alye yo pou ranfòse fanmi nou yo, pou rekonèt ke sekirite ak dirablite fanmi yo konekte ak sante ak byennèt katye endividyèl yo ak kominote yo nan ansanm li. Nou defini kominote Nwa antanke Dyaspora Afriken nan sans ki pi laj li a, tankou, Ameriken Nwa (desandan esklav Ozetazini); imigran Afriken, refijye, ak moun ki gen dwa azil; Afwo-Karibeyen; ak Afro-Latino yo. Fonksyon debaz Ujima yo se:

- 1) Pou sèvi antanke yon resous pou sivivan vyolans ak fanmi ak zanmi yo;
- 2) Pou amelyore kapasite benefisyè Lwa sou Prevansyon ak Sèvis Lit kont Vyolans Familyal yo, kowalisyon ak rezo, pwogram pou vyolans domestik, ajans gouvènman lokal, eta, ak ajans gouvènman federal yo, pwogram kominotè, pratisyen, chèchè, ak moun k ap deside konsènan vyolans familyal, vyolans domestik ak nan frekantasyon nan kominote Nwa a;
- 3) Defann chanjman sosyal epi enfliyanse elaborasyon politik sou vyolans domestik, vyolans nan soti amourez, ak vyolans kominotè nan kominote Nwa a;
- 4) Angaje nan rechèch ki siyifikatif epi ki fè enpak ki abòde entèseksyon ras, klas, ak sèks; kalite sèvis pou sivivan yo; responsablite agresè a, ak fason sistèm entèvansyon (jiridiko-sivil ak penal) la entèvni; epi
- 5) Devlope zouti ki baze sou prèv pou redwi vyolans ak omisid fanm Nwa yo. Asistans teknik ak zouti pou fòmasyon yo pral genyen ladan: yon sit entènèt ki genyen materyèl nan achiv (tankou blòg, atik, literati rechèch, elatriye); fòmasyon sou entènèt; lis difizyon tematik; yon bibliyotèk resous ak materyèl sipò; konferans nasyonal; sesyon ekout; ranfòsman kapasite ak sipò pou lidèchip; diskisyon sou politik; konvèsasyon kominotè aou pwoblèm emèjan yo; ak asistans teknik sou sit la. Ujima pral travay yon fason endividyèl epi an kolaborasyon avèk lòt patnè yo pou devlope Demann pou Aplikasyon sèvis piblik, videyo, monografi, fich enfòmasyon, ak nòt enfòmasyon. Ujima genyen liy asistans teknik gratis pou reponn ak demann yo ak pou pibliye enfòmasyon, referans, ak materyèl.

### **Apèsi sou Inisyativ Finansman Ranfòsman Kapasite Pwogram Nwa Yo:**

Atravè COVID 19: Inisyativ Pwogram Ranfòsman Kapasite Nwa yo (Inisyativ BCP), Ujima pral founi finansman bay òganizasyon ki espesifik sou plan kiltirèl yo ki devlope pa ak pou kominote Nwa a ogmante aksè pou sivivan Nwa yo kòm entèvansyon pou pandemi COVID-19 la ak pou ranfòse kapasite òganizasyon Nwa ki espesifik sou plan kiltirèl yo pou rive aplike pou ak jere sibvansyon federal, eta, ak sibvansyon lokal yo.

### Objektif Inisyativ Finansman Pwogram Ranfòsman Kapasite Nwa yo (BCP) se:

- 1) Ranfòse kapasite òganizasyon ki espesifik sou plan kiltirèl yo ki devlope pa ak pou kominote Nwa a rive aplike pou ak jere atribisyon sibvansyon federal yo, eta a, ak atribisyon sibvansyon lokal yo.
- 2) Pou rive aplike pwogram ki espesifik sou plan kiltirèl ki sèvi viktim ak sivivan vyolans domestik ak vyolans familyal nan kominote Nwa a.
- 3) Pou fè fas ak inegalite lontèm ki soti nan enpak diferan nan sante piblik COVID-19 la ak pandemi ekonomik sou kominote Nwa a ak pou fè fas ak bezwen emèjan sivivan Nwa yo ki soti nan pwopagasyon viris COVID-19 la.
- 4) Pou ankouraje devlopman patenarya estratejik ak kolaborasyon pou reponn ak enkyetid sante piblik emèjan ak enkyetid sante piblik ki ankou yo pou viktim Nwa yo ak sivivan vyolans seksyèl ak vyolans domestik yo.

## II. AKTIVITE PWOGRAM POU BENEFISYÈ

Ujima enpasyan pou finanse òganizasyon kominote Nwa ki espesifik sou plan kiltirèl yo (CBO) ak òganizasyon non-gouvènmantal yo (ONG), ki angaje nan youn oswa nan tout domèn aktivite sa yo:

- 1) **Prevni:** Aktivite ki ede sivivan vyolans domestik nan kominote Nwa yo pandan y ap bay sèvis vityèl, sèvis sipò, asistans lojman tanporè ak materyèl ki pral redwi ekspozisyon nan viris COVID-19 la ak risk pou trape l.

Sa yo genyen ladan men pa limite ak:

- Defans ki baze sou referans
- Konsèy
- Jesyon ka
- Sèvis anplwa
- Distribisyon materyèl pou redwi COVID (sètadi mask, gan, tès COVID)
- Sèvis transpò
- Defans ak asistans legal
- Sèvis gadri
- Lojman tanporè
- Fòmasyon Pwofesyonèl
- Sèvis anplwa

- 2) **Prepare:** Bay fòmasyon ak enfòmasyon ki nesèsè pou ogmante aksè nan sèvis ki adapte sou plan kiltirèl pou sivivan Nwa yo ak pou fè fas ak bezwen espesifik sivivan Nwa yo pandan ijans sante piblik COVID-19 ak ijans ekonomik la.
- 3) **Reponn:** Aktivite ki ogmante kontinite ak dirablite sèvis pou vyolans domestik ki espesifik sou plan kiltirèl pandan ijans sante piblik COVID-19 la, ki genyen ladan pou reponn ak pwoblèm tankou adaptasyon ak bezwen k ap chanje ak sikonstans k ap chanje yo, tankou sèvis vityèl, pwogram defans ak pwogram sansibilizasyon mobil yo.
- 4) **Ankouraje devlopman patenarya Estratejik ak kolaborasyon avèk:**
  - Sistèm sante
  - Pwogram pou premye anfans
  - Pwogram sipò ekonomik
  - Lekòl
  - Byennèt timoun
  - Devlopman mendèv
  - Vyolans domestik
  - Pwogram vyolans nan sòti amourez
  - Pwogram vyolans familyal
  - Pwogram lafwa
  - Òganizasyon kominotè k ap sèvi moun ki gen andikap yo

#### Tout kandida yo ta dwe satisfè kritè debaz sa yo:

- 1) Fè yon demonstrasyon antesedan nan devlopman ak/oswa mizannèv sèvis ki espesik sou plan kiltirèl yo pou sivivan Nwa vyolans domestik ak vyolans familyal yo.
- 2) Dwe byen entegre epi rèspekte nan kominote Nwa a.
- 3) Eksprime yon volonte pou mete annèv sistèm ak sèvis ki evalye efikasite pwogram nan.
- 4) Dwe ouvè, motive, epi enterese nan aprann sou machaswiv Atribisyon Ajans Federal yo epi demontre potansyèl pou benefisye de fòmasyon nan machaswiv Atribisyon Federal yo ak pou reyisi entegre machaswiv Ajans Federal yo nan domèn aktivite ki mansyone anwo a.

### III. AKTIVITE AK BYEN KI PA ELIJIB YO

Byen ak sèvis sa yo pa ka otorize, pa ka achte avèk finansman sou-attribisyon yo, epi pa ta dwe enkli nan pwopozisyon bidjè a:

1. Amann, penalite, domaj, ak lòt règleman

2. Lavant ak piblisite
3. Konsèy Konsiltatif
4. Bwason ki gen alkòl ak frè divètisman ki pa lye ak pwogram nan
5. Vye Dèt
6. Pèt sou lòt atribisyon ak kontra
7. Kontribisyon ak don
8. Frè pou Divètisman
9. Frè Levedfon
10. Onorè
11. Frè Envansyon, Patant, oswa Lisans
12. Akizisyon Teren oswa Batiman
13. Pwopriyete imobilye (teren, ki genyen ladan amelyorasyon teren, estrikti, ak akseswa yo)
14. Sèvis Pibliyotèk
15. Fè Presyon (Lobbying)
16. Repa
17. Prim pou Lè Siplemanchè
18. Frè pou Fen Kontra oswa pou Sispanasyon
19. Ekipman siveyans
20. Ekipman ak sèvis avòtman
21. Byen liksye oswa ekipman pou jwèt daza
22. Byen oswa sèvis nen men nenpòt moun oswa fim sou 'Lis Pati ki Ekskli nan Mache Piblik Federal la'
23. Enfrastrikti oswa aktivite konstriksyon

#### IV. KRITÈ ELIJIBLITE

Kandida yo dwe satisfè egzijans sa yo pou UJIMA kapab repoze pwopozisyon yo a:

- 1) **Legalman Anrejistre:** Yon kandida ta dwe yon antite ki legalman anrejistre nan peyi a ak nan eta mizannèv la. Si lwa lokal la egzijè sa, kandida a dwe legalman otorize tou pou travay nan yon distri, pwovens espesifik, elatriye. Kandida a dwe atache yon kopi dokimantasyon anrejistreman li a. (I.E. Nimewo EIN ak dokimantasyon anrejistreman eta a)

Kandida yo genyen obligasyon pou anrejistre nan SAM.gov pou resevwa Finansman Federal yo.

\*Nòt: Ujima pral ede avèk anrejistreman sa a si òganizasyon ou an poko enskri sou SAM.gov. Sa PA yon egzijans pou elijiblite men se pral yon objektif pou Asistans Teknik.

Pa genyen okenn egzijans Federal jeneral ki di ke yon òganizasyon dwe entegre oswa fonksyone antanke yon òganizasyon ki pa pou fè pwofi oswa pou jwenn sitiyo egzansyon fiskal selon seksyon 501(c)(3) nan Kòd Revni Entèn nan pou resevwa finansman Federal yo. Sepandan, kèk

pwogram Federal, Eta oswa pwogram lokal yo kapab enpoze yon egzijans konsa. Ujima pral founi TA bay òganizasyon k ap chèche sekirize 501(c)(3) yo a pou elijib atribisyon alavni.

- 2) **Kapasite Teknik:** Kandida a dwe genyen eksperyans ki nesese pou reyisi mete annèv aktivite sou-atribisyon an. Egzanp egzijans sa yo genyen ladan kantite ane fonksyònman, gwo bidjè anyèl la, eksperyans nan travay nan sektè ki apwopriye a, dosye swivi odit, elatriye.
- 2) **Entèdiksyon Kont Frè:** Sa se yon sou-atribisyon pou asistans epi kandida yo pa dwe enkli yon òganizasyon ki pou fè pwofi nan pwopozisyon yo a.
- 3) **Konfli Enterè:** Lòt relasyon kandida a, asosiyasyon, aktivite, ak enterè yo pa ta dwe kreye yon konfli enterè ki ka anpeche tout enpasyalite nan mizannèv aktivite sou-atribisyon yo. Kandida yo dwe ranpli *Sètifikasyon Konfli Enterè* ki atache a, ki deklare ke pa genyen okenn konfli.

## V. FÒMA AK APLIKASYON KI EGZIJE AK KONTNI

**Tout kandida yo dwe enkli egzijans fòma sa yo:**

- Yon videyo konsolide, maksimòm 10 minit nan longè
- Lang anglè sèlman
- Dimansyon polis karaktè 12 oswa plis
- Espas ant liy yo dwe 1.5 oswa plis
- Pa plis pase 15 paj pou Pati A ak Pati B a konbine.
- Mete non òganizasyon kandida a, dat, nimewo Apèl Dòf Finansman an, ak nimewo paj la kòm yon antèt oswa ba de paj nan tout dokiman an.

**Aplikasyon ki konplè a dwe genyen ladan atik ki mansyone epi ki detaye anba a.** Ou kapab itilize fòmilè aplikasyon ki atache a kòm yon modèl. Tout seksyon ki apwopriye yo dwe ranpli.

1. Videyo
2. Lèt Motivasyon/Paj
3. Tabdèmatyè
4. PATI A: Ekspoze Pwogram nan
5. PATI B: Kalandriye Pwogram nan
6. PATI C: Bidjè ak Ekspoze Bidjè a
7. Anèks – Tout Atachman oswa Anèks yo egzije

**Kandida a dwe soumèt pakè Aplikasyon Sibvansyon an ki genyen ladan videyo, ekspoze pwogram nan, bidjè ak ekspoze bidjè a, ak dokimantasyon sipò bay [applications@ujimacommunity.org](mailto:applications@ujimacommunity.org) jiska 30 Septanm 2022 pa pita pase 11:59p.m.**



Detay pou konpozan aplikasyon an se konsa:

### **Egzijans Videyo: 10 pwen**

Konpozan videyo aplikasyon an se opòtinite w pou kapab kreyatif! Montre nou kilès ou ye ak kisa pwogram ou an vle di pou sivivan w ap sèvi yo. Sa se yon fason ki amizan epi inik pou ekip revizyon sibvansyon an wè pèsonalite w, pou konprann apwòch ou sou pwogram nan, epi tande w dirèkteman.

Videyo a ta dwe genyen ladan:

- Pale nou de lidèchip òganizasyon ou an sètadi Direktè Egzekitif, Konsèy, ak manm pèsonèl.
- Pataje apwòch ou pou sèvi kominote Nwa a ak viktim Nwa yo ak sivivan vyolans domestik ak vyolans famiyal.
- Di nou poukisa ou idantiye w kòm yon òganizasyon ki espesifik sou plan kiltirèl ki devlope pa ak pou kominote Nwa a?
  - Ki konpozan esansyèl òganizasyon ou an ki fè de li yon òganizasyon ki Espesifik sou Plan Kiltirèl k ap sèvi viktim Nwa ak sivivan yo?
  - Ki sèvis ki espesifik sou plan kiltirèl ou ofri pou viktim Nwa yo ak sivivan vyolans domestik ak vyolans famiyal yo?
- Kijan òganizasyon ou an pral itilize finansman Ujima a pou ogmante ekite nan sante ak pou diminye prezans COVID-19 pou viktim nwa vyolans domestik ak vyolans seksyèl yo?
- Tanpri bay nenpòt egzanp sou ansyen pwogram similè ke òganizasyon ou an te reyalize pou soutni Sivivan Nwa yo.

### **Paj Kouvèti**

Mete enfòmasyon sa yo sou paj kouvèti a:

- Non òganizasyon an
- Non pwogram nan
- Dat soumisyon
- Non moun pou kontak, tit, enfòmasyon kontak
- Montan bidjè ou te mande
- Nimewo Atribisyon: 90EVO555-01-00

### **Tabdèmatyè**

Bay yon tabdèmatyè ki genyen ladan tout prensipal tit ki itilize nan pwopozisyon an avèk nimewo paj ki koresponn yo.

## **Pati A. Ekspoze Pwogram nan: 70 pwen**

### ***Brèf Deskripsyon Òganizasyon an: 10 pwen***

- Bay yon brèf deskripsyon de òganizasyon ou an ki genyen ladan misyon, vizyon, ak popilasyon ou sèvi a (yo).
- Dekri zòn jwografik pwogram ki pwopoze a pral reyalize ak kominote ki reprezante nan zòn sèvis ou an sètadi kominotè koulè yo (itilize enfòmasyon demografik), LGBTQIA+, moun ki gen andikap, granmoun aje, moun ki genyen mètriz limite nan Anglè.
- Dekri wòl ak responsablite manm pèsònèl esansyèl yo byen kout, detay sou fason manm pèsònèl ou an ak lidèchip refilete òganizasyon ou sèvi a, epi dekri nenpòt plan pou ogmante kapasite òganizasyonèl la pou satisfè bezwen viktim Nwa ak sivivan yo nan kominote ou an.

### ***Apwòch sou Livrezon Sèvis: 20 pwen***

- Bay yon apèsi sou baryè/difikilite ke viktim yo nan kominote ou an fè fas ak yo lè y ap chèche sèvis pou vyolans domestik ak sèvis pou vyolans familyal.
  - Enkli fason ou pral jere baryè yo ki anwo a.
- Eksperyans sivivan ak viktim nwa yo avèk vyolans domestik ak vyolans familyal yo souvan entèseksyonèl epi genyen plizyè nivo akoz twomatis istorik ki soti nan rasis sistèmik, opresyon, ak prejije.
  - Dekri fason òganizasyon ou an itilize yon apwòch entèseksyonèl pou devlope ak reyalize sèvis pou vyolans domestik yo pou viktim ak sivivan Nwa yo.

### **Sa Ki Pral Fèt: 15 pwen**

- Objektif ak Aktivite: Klèman deklare objektif ak aktivite sou pwogram ki pwopoze a. **\*Nòt: Objektif ak Aktivite yo ta dwe espesifik sou plan kiltirèl epi apwopriye ak kominote Nwa ak viktim ak sivivan Nwa ke ou pwopoze pou sèvi yo.**

- *Objektif yo:* Objektif pwogram nan ta dwe espesifik, ka mezire, reyalizab, fyab epi limite nan tan (measurable, achievable, reliable and time-bound, SMART. Objektif yo ta dwe klèman montre sa ki pral reyalize pandan peryòd pwogram nan. Asire w ke objektif yo deklare sa ou genyen entansyon pou *reyalize*, se pa *aktivite* ki pral pwodwi rezilta sa yo. **Limite kantite a ant twa jiska senk nan objektif ki plis enpòtan yo.**

- *Aktivite yo:* Dekri an detay fason òganizasyon ou an pral reyalize objektif pwogram nan. Klèman lye aktivite ou yo ak objektif ki apwopriye ki mansyone anwo a.

### **Enpak COVID-19 la: 15 pwen**

- Dekri fason kominote ou sèvi a te sibi enpak pandemi sante piblik COVID-19 la ak pandemi ekonomik lan.
  - Kijan òganizasyon ou an te evolye pou fè fas ak defi sa yo?
  - Mete estrateji ke òganizasyon ou an te mete annèy pou redwi enpak COVID-19 la.

**Kijan òganizasyon ou an pral benefisye de finansman BCP a? 10 pwen**

- Mete enfòmasyon espesifik sou fason viktim ak sivivan Nwa yo pral benefisye de finansman sa yo; epi
- Fason òganizasyon ou an pral itilize finansman BCP nan Ujima.

**Pati B. Kalandriye: 5 pwen**

Kalandriye sa a fèt pou demontre kilè, pandan peryòd sibvansyon an, òganizasyon ou an pral reyalize objektif ak aktivite ki dekri nan Ekspoze Pwogram nan.

Kalandriye	Ane			
	Tri mès 1	Tri mès 2	Tri mès 3	Tri mès 4
<b>Objektif 1:</b> Reyalize sansibilizasyon pou ogmante konesans sou vyolans domestik nan kominote Nwa a.				
Aktivite 1.1: Kolabore avèk estasyon radyo lokal pou òganize 2 PSA	x	x	x	x
<b>Objektif 2:</b> Ogmante aksè nan materyèl pou redwi COVID pou viktim ak sivivan Nwa yo				
Aktivite 2.1: Distribye 100 mask ak 200 tès nan festinal Juneteenth lan		x		

**Pati C. Bidjè ak Ekspoze Bidjè a: 15 pwen**

Ranpli fèy kalkil bidjè a ak ekspoze bidjè a pou tout kategori frè ki aplikab nan plan travay la. Ekspoze bidjè a dwe dekri chak liy ki rekòmande nan bidjè a epi dwe eksplike tout frè ki enkli nan bidjè a, ki genyen ladan fason yo pral detèmine frè pou byen ak sèvis yo ak fason yo pral reyalize objektif pwogram nan.

Ou ka itilize Echantiyon Bidjè ki anba a kòm yon gid, oswa yon fòm nan chwa kandida a. Sepandan, ou dwe bay tout enfòmasyon ki egzije yo (ki genyen ladan ekspoze bidjè a). Ou dwe siprime out kategori depans ki pa aplikab ak pwogram nan.

**Echantiyon Bidjè (avèk yon bidjè ak yon ekspoze bidjè)**

**A. Manm Pèsonèl:** Endike chak manm pèsonèl ki pwopoze selon tit pozisyon, % tan (nivo efò) ki dwe dedwi sèlman ak pwogram sa a, ak salè ki pwopoze a. Pa egzanp:

<u>Non ak Pozisyon</u>	<u>Kalkil</u>	<u>Frè</u>
Mary Smith, Direktè Egzekitif	\$100,000 salè x 20%	\$20,000
<b>Total Manm Pèsonèl</b>		<b>\$20,000</b>

**Ekspoze:** Direktè Egzekitif la pral dedwi 20% nan tan li bay pwogram nan pandan l ap kowòdone epi òganize rankont regilye yo ant tout patnè òganizasyon yo.

**B. Avantaj Sosyal:** Dekri avantaj sosyal ki peye bay oswa nan non manm pèsonèl la. Pa egzanp:

<u>Non</u>	<u>Kalkil</u>	<u>Frè</u>
Direktè Egzekitif:		
FICA Anplwaye a	\$20,000 salè x 7.65%	\$1,520
Asirans Sante \$600	\$3,000 pa ane x 20% lè nan pwogram nan	
Konpansasyon Travayè	\$20,000 salè x 1%	\$200
Asirans pou Andikap	\$20,000 salè x 1%	\$200
Retrèt 403B	\$20,000 x 4%	<u>\$800</u>
<b>Total Avantaj Sosyal</b>		
<b>\$3,320</b>		

**Ekspoze:** Kandida k ap mande avantaj sosyal pou manm pèsonèl nan Pati A. Frè pou chak anplwaye selon pousantaj tan yo nan pwogram nan.

**C. Vwayaj Manm Pèsonèl:** Detaye depans vwayaj yo selon objektif ak frè. Mete lye vwayaj yo (soti epi jiska), ak frè inite pou biyè avyon, lojman, per diem, ak kantite jou. Mete yon brèf deskripsyon objektif vwayaj la. Tout biyè avyon yo dwe nan klas ekonomik. Frè gaz pou vwayaj nan machin yo ta dwe enkli nan seksyon sa a tou:

<u>Objektif</u>	<u>Kalkil</u>	<u>Frè</u>
Vòl	Nasyonal: \$750 ale retou x 2 manm pèsonèl \$1,500	
Konferans	Otèl: \$150 pa nwit x 2 nwit x 2 manm pèsonèl	\$600
	Per Diem: \$75 pa jou x 2 jou x 2 manm pèsonèl	\$300
	Taksi: \$100 ale retou x 2 manm pèsonèl	<u>\$200</u>
<b>Total Vwayaj</b>		<b>\$2,600</b>

**Ekspoze:** Fon yo pral kouvri frè pou de manm pèsonèl asiste yon konferans Nasyonal nan San Diego. Konferans lan pral soulinye pi bon pratik pou reponn ak pou prevwa vyolans famiyal, vyolans nan sòti amourez, ak vyolans domestik nan kominote Nwa a

**D. Materyèl:** Endike tout materyèl ki dwe achte nan pwogram sa a. Site atik selon tip yo epi montre baz pou kalkil la. An jeneral, materyèl yo genyen ladan tout materyèl ki ka depanse oswa konsome pandan dire pwogram nan.

<u>Atik Materyèl</u>	<u>Kalkil</u>	<u>Frè</u>
Materyèl Jeneral	\$100 pa mwa x 12 mwa	\$1,200
<b>Total Materyèl</b>		<b>\$1,200</b>

**Ekspoze:** Fon yo pral kouvri frè pou bilten enfòmasyon mansyèl yo, flayèz, bwochi, dèt, elatriye; kat biznis, materyèl pou rankont rejonan; ak lòt atik ak materyèl ki pral dirèkteman sipòte objektif ak bi pwogram nan pandan tout ane a, sètadi, papye, katouch lank, enpresyon, elatriye.

**E. Ekipman:** Klèman endike tout ekipman ki dwe achte nan atribisyon sa a ki genyen ladan frè pa inite. Atik ki dwe depase yo ta dwe enkli nan kategori "Materyèl" yo. **Nòt:** Tout materyèl ki depase \$5,000 pral bezwen enkli nan kategori Ekipman nan bidjè a. Eksplike fason ekipman an nesèsè pou reyisit pwogram nan. Pa egzanp:

N/A - P ap achte okenn ekipman pou pwogram sa a

**F. Konsiltan/Kontra:** Mansyone vwayaj ak frè pou konsiltan/kontra yo nan menm kategori a.

Vwayaj Konsiltan: Gade Vwayaj pou Konsiltan

Frè Konsiltan - Pou chak konsiltan antre non, si ou konnen l, sèvis li pral bay la, frè pa èdtan oswa pa jou (8 èdtan pa jou), ak estimasyon lè a nan pwogram nan. Frè konsiltan ki depase \$650 pa jou oswa \$81.25 pa èdtan dwe genyen lòt jistikasyon anplis ak apwobasyon alavans de UJIMA. Pa egzanp:

<u>Non Konsiltan</u>	<u>Sèvis yo Bay</u>	<u>Kalkil</u>	<u>Frè</u>
Konsiltan, TBD	Fòmasyon DV	10 èdtan/mwa x 12 mwa x \$75/èdtan	\$9,000
<b>Total Frè Konsiltan</b>			<b>\$9,000</b>

**Ekspoze:** Yon Konsiltan, Ki Pral Detèmine, pral founi yon fòmasyon twa jou sou sit la sou vyolans domestik ak pwoblèm ki lye yo bay manm pèsonèl fòsdelòd yo ak manm pèsonèl sèvis sosyal yo. Fòmasyon an pral konsantre sou defi pou bay sipò ak sèvis defans pou viktim vyolans seksyèl yo, vyolans domestik, vyolans nan sòti amourez, ak asèlman.

**G. Operasyon:** Detaye frè operasyon yo epi bay yon deskripsyon sou metòd alokasyon an. Pa egzanp:

<u>Atik</u>	<u>Kalkil</u>	<u>Frè</u>
Lwaye	\$70,000 pa ane x 50% x 20%	\$7,000
<b>Total Operasyon</b>		<b>\$7,000</b>

**Ekspoze:** Lwaye a se pou kontra biwo a epi li kalkile sou baz metòd plentan anplwaye a. De anplwaye plentan travay pou òganizasyon an, ki egal ak 50% alokasyon depans pou chak moun, miltipliye pa pousantaj efò ki atribye nan pwogram sa a.

**H. Rezime Bidjè a:** Bay yon rezime bidjè a nan fòm sa a:

Deskripsyon	Total Frè
Salè	\$20,000
Avantaj Sosyal	\$3,320
Vwayaj pou Manm Pèsonèl	\$2,600
Materyèl	\$1,200
Ekipman	\$0
Konsiltan ak Vwayaj pou Konsiltan	\$9,000
Operasyon yo	\$7,000
<b>Deman ki Mande</b>	<b>\$43,120</b>

## VI. ATACHMAN

Dokiman sa yo dwe ranpli epi atache nan kad Pakè Aplikasyon an.

- Atachman A: Prèv sitiyasyon anrejistreman eta biznis lan
- Atachman B: Fòm IRS W-9



IRS\_FormW9.pdf

[Klike isit la pou jwenn Atachman B a](#)

## VII. KALANDRITE AK PWEN KONTAK

Dat	Aktivite
7 Septanm ak 9 Septanm	Sesyon Enfòmasyon pou Kandida ki Enterese
<b>30 Septanm</b>	<b>Videyo ak Dat Limit Aplikasyon an</b>
7 Oktòb jiska 21 Oktòb	Peryòd Revizyon Aplikasyon
21 Oktòb – 4 Novanm	Peryòd Notifikasyon Atribisyon

TBD	Sesyon Oryantasyon pou Sibvansyon
-----	-----------------------------------

Enfòmasyon Kontak Ujima:

Imèl: [applications@ujimacommunity.org](mailto:applications@ujimacommunity.org)

Adrès: Depatman Finansman Sibvansyon an

UJIMA, Inc: Sant Nasyonal sou Vyolans Kont Fanm nan Kominote Nwa a  
Thomas Circle  
Washington, DC 20005  
Telefòn: (202) 758-3874

## VII. KRITÈ EVALYASYON

Aplikasyon yo pral evalye pa UJIMA, selon kritè enfòmasyon ki anba a:

KRITÈ EVALYASYON	Total Pwen/Pousantaj Eskò
Brèl Deskripsyon Òganizasyon an	10 pwèn
Apwòch sou Livrezon Sèvis	20 pwèn
Sa Ki Pral Fèt	15 pwèn
Enpak COVID-19 la	15 pwèn
Kijan òganizasyon ou an pral benefisye de finansman Ujima BCP a?	10 pwèn
Kalandriye	5 pwèn
Bidjè ak Ekspoze Bidjè a	15 pwèn
Videyo	10 pwèn
<b>Total</b>	<b>100%</b>

## VIII. KESYON, KLARIFIKASYON AK CHANJMAN

Tout kandida yo dwe soumèt kesyon yo bay: [applications@ujimacommunity.org](mailto:applications@ujimacommunity.org)

Si Ujima detèmine ke chanjman nan Demann Finansman pou Aplikasyon sa a nesèsè, chanjman sa yo pral fèt pa mwayen yon adendòm alekri fòmèl. Klarifikasyon, entèpretasyon, koreksyon, ak chanjman yo nan Demann pou Aplikasyon ki fèt nan nenpòt lòt fason p ap konsidere.

Kandida a pa dwe fè okenn òf, pèman, konsiderasyon, oswa avantaj, ni dirèkteman ni endirèkteman, kòm yon ensitasyon oswa yon rekonpans pou akòde yon sou-atribisyon. Nenpòt pratik konsa konstitiye yon pratik ilegal oswa yon pratik koripsyon epi pral lakoz anilasyon akò a, anilasyon patisipasyon yon Kandida nan demann sa a, nan demann alavni yo pou aplikasyon ak konsiderasyon pou yon atribisyon. Oswa fen yon sou-atribisyon ki atribye. Epiyou pratik sa yo kapab fòme baz pou lòt aksyon sivil ak/oswa aksyon kriminel, jan sa kapab aplikab.

### **Tèm Pwosesis Aplikasyon an:**

1. Ujima kapab kontakte Kandida yo pou konfime moun kontak la, adrès, ak pou konfime ke aplikasyon yo te soumèt pou Demann pou Aplikasyon sa a.
2. Fo Deklarasyon: Aplikasyon yo dwe bay tout enfòmasyon, enfòmasyon ki presi epi ki konplè jan demann ak atachman li yo egzije sa.
3. Ujima rezèvw pou limenm sèl kapab:
  - a. Diskalifye nenpòt aplikasyon si Kandida a pa rive swiv enstriksyon Demann pou Aplikasyon an;
  - b. Pou renonse ak tout devyasyon de Kandida yo nan egzijans Demann pou Aplikasyon sa a ke Ujima konsidere ki pa defo materyèl ki mande rejeksyon oswa diskalifikasyon;
  - c. Pwolonje tan pou soumisyon repons Demann Finansman pou Aplikasyon an aprè yo fin voye notifikasyon bay tout potansyèl Kandida yo;
  - d. Mete fen oswa modifiye pwosesis Demann pou Aplikasyon an nenpòt lè oswa re-emèt Demann pou Aplikasyon an bay nenpòt moun ke Ujima jije ki apwopriye;
  - e. Atribye sèlman yon pati nan aktivite nan Demann pou Aplikasyon an oswa emèt plizyè sou-atribisyon selon aktivite Demann pou Aplikasyon yo.

Ujima rezève dwa pou finanse nenpòt oswa okenn nan aplikasyon ki soumèt yo. Piblikasyon Demann Finansman pou Aplikasyon sa a pa konstitiye yon angajman atribisyon bò kote Ujima. Atribisyon final de nenpòt sou-atribisyon (yo) pa ka fèt jiskaske fon yo konplètman apwopriye, atribye, epi angaje pa Ujima. Byenke yo prevwa ke pwosedi sa yo pral reyisi fèt, yo enfòme potansyèl kandida yo isit la sou egzijans ak kondisyon sa yo pou atribisyon an.

Tout prepasyon pwopozisyon ak frè soumisyon yo se sou depans Kandida a epi yo p ap ranbouse yo.

## **IX. RÈGLEMEN FEDERAL AK EGZIJANS SÈTIFIKASYON**

Si yo seleksyone, yo pral administre tout sou-atribisyon selon Gid Federal la ki mansyone anba a:

<b>Otorite Kontwòl</b>	<b>Lyen ki mennen nan tout Dokiman ak Sit entènèt la</b>
Kòd Règleman Federal la (CFR)	<a href="http://www.ecf.gov">www.ecf.gov</a>



2 CFR 200, Sou-pati E, Prensip pou Frè	<a href="https://www.ecfr.gov/current/title-2/subtitle-A/chapter-II/part-200/subpart-E">https://www.ecfr.gov/current/title-2/subtitle-A/chapter-II/part-200/subpart-E</a>
45 CFR Pati 87	<a href="https://www.ecfr.gov/current/title-45/subtitle-A/subchapter-A/part-87">https://www.ecfr.gov/current/title-45/subtitle-A/subchapter-A/part-87</a>
45 CFR Pati 75	<a href="https://www.ecfr.gov/current/title-45/subtitle-A/subchapter-A/part-75?toc=1">https://www.ecfr.gov/current/title-45/subtitle-A/subchapter-A/part-75?toc=1</a>
Egzijans administratif ak egzijans politik nasyonal la pou sibvansyon diskresyonè yo	<a href="https://www.acf.hhs.gov/administrative-and-national-policy-requirements">https://www.acf.hhs.gov/administrative-and-national-policy-requirements</a>

## **X. UJIMA Kontak**

Kontak: Ekip Jesyon Sibvansyon Sou-Atribisyon an

Imèl: [applications@ujimacommunity.org](mailto:applications@ujimacommunity.org)

Telefòn Biwo: 202-758-3874

Adrès Biwo: Thomas Circle, Washington DC 20005

Pou jwenn lòt enfòmasyon anplis sou Ujima, vizite sit entènèt la nan [www.ujimacommunity.org](http://www.ujimacommunity.org)